

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Ari panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeyeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, pamikiran hiji jalma sacara individual atawa kelompok. Nurutkeun Moloeng (2011, kc. 6) panalungtikan kualitatif boga maksud pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku panalungtik (subyék panalungtikan), pamana waé, paripolah, persépsi, motivasi, jsb., sacara holistik tur ngaliwatan cara déskripsi dina wangu kekecapan.

Patali jeung éta pamarekan, dina ieu panalungtikan digunakan métodeu déskriptif. Palebah dieu, métodeu panalungtikan, nurutkeun Arikunto (2010, kc. 150), nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Sugiyono (2012, kc. 2) ogé nétélakeun yén métode panalungtikan téh enas-enasna mah nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data keur tujuan jeung kagunaan nu tangtu.

Dina prosés panalungtikan tangtu ngagunakeun cara atawa métodeu sangkan meunangkeun udagan anu bener tur luyu jeung anu dihontal. Dumasar kana éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif ngagunakeun ulikan tiori étnolinguistik. Studi étnolinguistik nyaéta kajian nu napsirkeun patalina antara basa jeung budaya dina ranah nu tangtu. Dina napsirkeun teu ngan saukur naon nu dilakukeun dina tataran basa, tapi ogé naon nu aya di tukangeun basa nu patali jeung budaya daerahna.

Jaba ti pamarekan kualitatif, dina ieu panalungtikan kalawan husus digunakeun ogé ulikan éntolinguistik. Sacara métodologis, ulikan étnolinguistik dina ieu panalungtikan téh museur kana modél étnografi komunikasi pikeun museurkeun kerangka acuan.


Étnografi komunikasi loba narima bantuan tina élmu séjén, nyaéta basa, budaya, jeung komunikasi anu tuluy méré pamahaman nu kompréhénatif ngeunaan

kumaha komunikasi basa jeung budaya disawang sacara ilmiah. Salah sahiji tradisi nu nyaéta aliran pamikiran dina élmu-élmu sosial ogé méré sumbangan kana pamahaman kompréhénatif kana étnografi komunikasi nyaéta étnométodologi.

Étnométodologi nyaéta salah sahiji studi émpiris ngeunaan kumaha hiji jalma bisa nyawang pangalaman dunya sosialna sapopoé (Kuswarno, 2011, kc. 23). Kusabab kitu, étnométodologi bisa nyaéta studi eksperimental has panalungtikan kualitatif sabab bisa nalungtik upama aya hal anu teu luyu jeung aturan-aturan di masarakat. Tilikan étnografi komunikasi ngagunakeun étnométodologi salaku prosedur dina ngumpulkeun data, sabab étnometodologi leuwih museur kana nimukeun prosés dasar nu digunakeun ku panyatur basa pikeun ngahasilkeun jeung ngainterprétasikeun pangalaman-pangalaman komunikatif, kitu ogé asumsi-asumsi nu teu ditétélakeun, hal nu dipikanyaho jeung pamahaman kabudayaanna. Étnométodologi jadi dasar pikeun étnografi komunikasi, utamana pikeun analisis interaksi. Ku digunakeunna ieu métode, sumber data nu latarna alami sarta panalungtik boga pungsi salaku *human instrumén* (Moleong, 2011, kc. 121-125).

Mulyana (2010, kc. 162) nétélakeun yén étnografi sok dipatalikeun jeung hirup sacara intim sarta pikeun waktu nu panjang jeung komunitas pribumi nu ditalungtik nu basana dicangkem ku panalungtik. Ieu panalungtikan ngamanfaatkeun métode kualitatif étnografi nyaéta kucara panalungtik euyeub jeung masarakat di wilayah nu ditalungtik nyaéta di Kabupaten Kuningan. Panalungtikan dina sawangan étnografi boga harti maham kana gejala nu sipatna alamiah atawa wajar sakumaha ayana sarta teu dirékayasa jeung diatur ku ékspérimén atawa tés. Gejala nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta gejala ngamangfaatkeun léksikon kadaharan tradisional nu aya di Kabupatén Kuningan.

Desain panalungtikan dijieun mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab (Arikunto, 2010, kc. 175).



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.129) sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun éta data. Sumber data bisa mangrupa tempat atawa lokasi panalungtikan, manusa anu mibanda peran dina éta kagiatan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta puseur jajanan oléh-oléh Kuningan anu aya di Kabupatén Kuningan jeung sentral UKM disababaraha desa di Kabupatén Kuningan. Sedengkeun objék nu panalungtikanana nyaéta kadaharan tradisional Sunda nu aya di Kabupatén Kuningan.

3.3 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar catetan, lembar observasi, alat rékam jeung tabel klasifikasi. Alat ukur nu digunakeun dina ieu tulisan disebut instrumén panalungtikan (Syarifudin, 2008, kc. 77). Dina instrumén panalungtikan, panalungtik ngobservasi di lapangan kucara nyiapkeun instrumen panalungtikan nu mangrupa daftar patalékan ngeunaan data-data léksikon kadaharan tradisional Sunda di Kabupaten Kuningan. Ieu patalékan boga tujuan salaku pedoman dina wawancara jeung informan. Lembar catetan jeung rekaman digunakeun nalika prosés ngumpulkeun data. Ieu hal dilakukeun pikeun ngagampangkeun nalika prosés nganalisis data tuluy dipindahkeun kana lembar observasi jeung tabel klasifikasi.

Nalika wawancara, panalungtik nyatet ajén-ajén naon baé nu aya dina léksikon kadaharan tradisionalna salaku data nalika wawancara. Salian ti éta, dina nalungtik panalungtik ogé ngalakukeun fotografi. Hasilna nyaéta mangrupa gambar jeung foto léksikon kadaharan tradisional nu ditalungtik. Ieu hal dilakukeun sangkan bisa méré gambaran umum ngeunaan situasi nu aya di lingkungan masarakat Kabupaten Kuningan nu masih kénéh ngamumulé kadaharan tradisionalna. Dina hal ngasupkeun léksikon kana tabél klasifikasi, léksikon diatur dumasar kana alfabet. Ieu hal dilakukeun pikeun ngagampangkeun dina nyusun kartu data. Sababaraha instrumen panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabel 3.1
Instrumén Ngumpulkeun Data

Lembar Observasi		Poé, Tanggal:		Lokasi:	
No.	Ngaran Kadaharan Tradisional has Sunda di Kab. Kuningan	Wangun Lingual	Proses Méré Ngaran	Ma'na Léksikal	Klasifikasi Bahan Dasar

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Cresweel dina Kuswarno (2011, kc. 47-48), aya tilu téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan étnografi, nyaéta partisipan observer/observasi partisipan, wawancara, jeung talaah dokumén. Kitu ogé dina ieu panalungtikan éta téhnik ngumpulkeun data téh digunakeun.

a. Téhnik Observasi Partisipan

Observasi partisipan nyaéta métode tradisional nu digunakeun dina antropologi sarta nyaéta sarana pikeun panalungtik asaup ka masarakat nu rék ditalungtikna.

Panalungtikan peran serta nyaéta salah sahiji métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Panalungtikan peran serta hartina panalungtik terjun langsung jeung anggota KWT nu jadi sumber data tuluy ilu biung dina prosés ngolah kadaharan. Ieu hal dilakukeun boga tujuan pikeun apal kana ajén-ajén kaarifan lokal naon baé nu aya dina kadaharan tradisional. Nurutkeun Mulyana (2010, kc. 163), panalungtikan peran serta nyaéta panalungtikan anu dilakukeun bari peran serta dina kahirupan jalma nu aya patalina jeung objék nu ditalungtik.

Kagiatan nu dilakukeun ku panalungtik nalika panalungtikan peran serta nyaéta panalungtik ngahaja asup ka wilayah panalungtikan dugikeun ka panalungtik saperti réspondén. Panalungtik ogé boga sikep nu réfléksif, nyaéta dumasar kana pangalaman jeung pangaweruh nu dipimilik pikeun asup ka kahirupan objék panalungtikan. Tuluy, ngarekam jeung ngenal pelaksaan kagiatan prosés nyieun kadaharanana.

Hal-hal anu ditalungtik dina ieu panalungtikan, nyaéta : cara, prosés méré ngaran, ma'na jeung wanda léksikon kadaharan tradisional Sunda di Kabupaten Kuningan. Ieu hal dilakukeun sangkan apal kana klasifikasi wanda kadaharan tradisionalna, ma'na, prosés méré ngaran jeung cara ngolahna.

Kaonjoyan ieu panalungtikan nyaéta laporan bisa gancang beres sabab panalungtik ilu biung dina kahirupan réspondén. Panalungtik tuluy tumuluy ilu biung dina prosés budaya sarta perlu waktu nu rada panjang di lapangan.

b. Téhnik Wawancara (*Indepth Interview*)

Tahap kadua dina ngumpulkeun data nyaéta wawancara langsung jeung réspondén nu geus ditangtukeun. Wawancara leuwih jero dimaksudkeun sangkan informasi nu dimeunangkeun teu simpang siur sarta jelas ti sumberna.

Wawancara nyaéta téknik ngumpulkeun data sacara leuwih jero. Endaswara (2003, kc. 212) nétilakeun yén wawancara nyaéta prosés *tanya jawab* dina panalungtikan nu lumangsung sacara lisani, nyaéta dua jalma atawa leuwih silih béjaan sarta ngadangukeun sacara langsung informasi-informasi atawa keterangan-keterangan. Wawancara leuwih jéró biasana disebut ogé wawancara baku étnografi atawa wawancara kualitatif (Endaswara, 2003, kc. 214). Panalungtik ngalaksanakeun ieu wawancara kucara nyantai, informal, sarta unggal pihak saperti teu aya beban psikologis dugikeun ka wawancara bisa lumangsung sacara akrab.

c. Téhnik Study Bibliografi

Analisis dokumén dina panalungtikan kualitatif, sarua hartina jeung usaha pikeun manggihan gambaran ngeunaan pangalaman hirup atawa kajadian nu geus lumangsung, sarta tapsiran subjék panalungtikan. Ieu dokumén bisa mangrupa cateten poéan, kliping surat kabar, surat-surat pribadi, jrrd. Teu sakabéh dokumén bisa ditalungtik, dokumén nu dimaksud nyaéta dokumén nu bisa dijadikeun subjék panalungtikan nu bisa ngadéfinisikeun dirina sorangan, lingkungan jeung kaayaan nu disanghareupanana, sarta kumaha patalina antara wangenan dirina jeung jalma-jalma disakurilingna.

Analisis dokumen pikeun nyumponan ieu panalungtikan nyaéta tina dokumén surat kabar, majalah KEMENDIKBUD Kabupaten Kuningan, wesbite, jrrd.

Dumasar kana téhnik nu digunakeun, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nyiapkeun pedoman/pedoman wawancara;
- 2) Wawancara ka pihak anu pakait jeung kadaharan tradisional Sunda nu aya di Kabupatén Kuningan;
- 3) Nuliskeun hasil wawancara.

3.5 Téhnik Analisis Data

Sakumaha anu geus ditetelakeun di luhur, téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan sajalan jeung ngumpulkeun data. Nalika panalungtik ngalengkepan cateten lapangan sanggeus observasi, nalika éta ogé dilakukeun ngolah data. Nurutkeun Creswell dina Kuswarno (2011, kc. 68-69) téknik ngolah data dina panalungtikan étnografi aya tilu, nyaéta (1) Déskripsi, nyaéta tahap awal dina nuliskeun laporan étnografi. Dina tahap ieu étnografi ngajéntrékeun hasil panalungtikanana kucara ngagamberkeun sadara detail objék panalungtikanana. Misalna kucara ngajéntrékeun ngeunaan salahsahiji wanda kadaharan, dianalisis, tuluy medar sawangan-sawangan nu béda ti sababaraha informan. Ku didéskripsikeunana ieu hal, panalungtik bakal leuwih gampang

nimukeun kasang tukangna. (2) Analisis, sangkan akurat biasana digunakeun instrumén dikeun ngagampangkeun dina analisis, misalna tabél atawa kartu data. Jeung (3) Interprétsasi, nyaéta tahap ahir dina ngolah data. Dina tahap ieu panalungtik bisa nyindekkeun hasil panalungtikan.

Lengkah-lengkah ngolah data nu bakal dilakukeun nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun.
- b. Nyieun papasingan data ngaran tradisional Sunda dumasar kana wangun lingual, prosés méré ngaran, papasingan bahan, jeung cara ngolah sarta fungsina.
- c. Nganalisis wangun lingual dina ngaran kadaharan tradisional Sunda.
- d. Ngadéskripsiikeun unsur-unsur wangun lingual, prosés méré ngaran, jeung papasingan bahan, tina kadahaan tradisional Sunda ti Kabupatén Kuningan.
- e. Nyusun kacindekan tina unggal dimensi kadahan tradisional Sunda.